

Aprè Depistaj Nouvo-Ne a



Kisa prelevman tach san seche yo ye?

Se ti prelevman tach san yo kolekte aprè nesans lan lè yo pike talon tibebe a epi yo mete san an sou yon papye espesyal pou fè tès pou pwoblèm medikal ki grav yo.

Aprè depistaj la, kapab genyen san ki rete.

Fanmi yo genyen dwa pou decide sou sa ki pral pase ak prelevman tach san ki rete de tibebe yo a aprè depistaj nouvo-ne a.

Avantaj ki gen lè yo konsève prelevman tach san seche tibebe ou an Èd pou sove lavi!



Enfòmasyon yo ka aprann de rechèch sou prelevman tach san anonim yo pèmèt yo amelyore idantifikasyon ak tretman poumaladi ki mete lavi an danje.



Kapab redwi lòt prelevman san lakay tibebe ou an pou lòt tès.



Li gratis! Yo pa fè fanmi yo peye pou okenn pati nan pwosesis konsèvasyon an.



Laboratwa Indiana a bezwen prelevman tach san ki konsève yo pou asire ke ekipman depistaj yo fonksyone kòrèkteman.

Pwogram Depistaj Bebe ki Fenk Fèt
ak Jenomik
Ministè Sante Indiana
www.NBS.in.gov
telefòn: 888-815-0006

Kijan mwen ka make chwa mwen an epi kisa ki rive apresa?



Tcheke "WI" nan kat konsantman an si ou vle konsève san an pandan 3 zan. Asire w ke ou siyen epi w mete dat la tou! *Yon fwa yo fin fè depistaj nòmal la, apresa prelevman tach san yo:*

- Yo **PRAL** detwi yo 3 zan aprè yo te fè prelevman an.
- Yo **PRAL** konsève yo nan yon etablisman ki sou siveyans.
- Doktè tibebe ou an **KAPAB** itilize yo pou lòt tès anplis avèk pèmasyon paran yo.
- Yo **KAPAB** itilize yo pou verifye ekipman laboratwa yo.
- Yo **KAPAB** itilize yo pou rechèch anonim. Prelevman tach san ki konsève yo kontribye nan sove lavi grasa enfòmasyon medikal anonim sou deteksyon maladi ak opsyon tretman. Yon pakèt tibebe ak fanmi yo nan eta a epi petèt nan tout Ozetazini ka benefisyè de rezilta yo. Pa enkyete w, yo dwe revize tout demann rechèch yo avèk anpil pridans anvan yo pataje nenpòt prelevman tach san ki anonim. Paske tout demann rechèch yo dwe itilize done ki anonim sèlman. Yo p ap JANM pataje non ak enfòmasyon prive tibebe ou an bay chèche yo.



Tcheke "NON" nan kat konsantman an si ou PA vle konsève san an pandan 3 zan. Asire w ke ou siyen epi w mete dat la tou! *Yon fwa yo fin fè depistaj nòmal la, apresa prelevman tach san yo:*

- Yo **PRAL** konsève l yon fason ki sekirize pandan 6 mwa pou tout rezon depistaj epi y ap detwi yo apresa.
- Yo **PAP** disponib pou doktè tibebe ou an itilize pou okenn lòt tès.
- Yo **PAP** itilize yo pou rechèch oswa pou amelyorasyon ekipman laboratwa yo.



Pwogram Depistaj Bebe ki Fenk
Fèt ak Jenomik
Ministè Sante Indiana
www.NBS.in.gov
telefòn: 888-815-0006